



Pou Piblikasyon Imedya: 04/03/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

WHOOPI GOLDBERG REJWENN KANPAY 'Enough Is Enough' POU KONBAT AGRESYON SEKSYÈL SOU KANPIS KOLÈJ YO

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Whoopi Goldberg, komedyen, aktris, aktivis politik, ekriven ak animatris emisyon The View nan ABC, te ajoute vwa li nan kanpay “Enough is Enough” pou konbat vyolans seksyèl nan kanpis kolèj ak inivèsite yo. [Video](#) a mande pou tout kanpis kolèj yo pi ansekirite ak lib de agresyon seksyèl. Sipò Whoopi Goldberg vini yon jou apre yon gwoup bipati ki gen ladan 17 sou 18 [egzekitif konte](#) nan tout eta te rejwenn kanpay la, ajoute vwa yo pou lite kont agresyon seksyèl sou kanpis kolèj yo.

“Whoopi Goldberg te yon defansè san relach pou dwa imen pandan tout karyè li, e nou fyè dèske nou gen sipò l, nan lit nou kont agresyon seksyèl ak vyòl sou kanpis kolèj New York yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Lè nou asire ke etidyan nou yo gen pwoteksyon ki pifò nan peyi a, ane sa a New York ka vini yon lidè nasyonal nan batay kont agresyon seksyèl sou kanpis yo. Pou fè sa vini yon reyalite, mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou rejwenn mwen nan di ase li ase.”

Manm yo nan piblik la ki ta renmen rejwenn konvèsasyon an sou entènèt kapab fè sa lè yo itilize #EnoughIsEnough.

Gouvènè Cuomo te lanse kanpay “Enough is Enough” semèn pase pou bati sipò pou pwopozisyon l pou enpleman mezi ak prevansyon inifòm pou kolèj ak inivèsite yo pou konbat agresyon seksyèl sou kanpis yo. Lejislasyon Gouvènè a pral etann règleman ak pwoteksyon SUNY te deja adopte pou asire ke 1.2 milyon etidyan kolèj yo nan Eta jwenn pwoteksyon avèk pwosedi ak direktiv inifòm ak global, enkli konsantman afimatif ak aksè a lapolis. Depi li fin lwa, règleman sa a pral lwen pou pwoteje plis etidyan nan New York.

Semèn pase, Lapolis Eta New York te kreye yon liy telefòn dirèk ki dedye pou pote rapò sou agresyon seksyèl nan kanpis kolèj ak inivèsite yo: 1-844-845-7269. Manm yo ki resevwa fòmasyon espesyal pral sou apèl 24èdtan pa jou pou reponn a apèl agresyon seksyèl toupatou nan Eta. Nan pwochen semèn yo, Lapolis Eta pral devlope tou pwotokòl repons ak kou fòmasyon pou pataje avèk patnè kanpis yo.

Pwopozisyon prevansyon agresyon seksyèl sou kanpis Gouvènè a gen ladan konpozan ki annaprè yo:

- Yon sistèm definisyon nan tout eta sou konsantman afimatif kòm yon akò ki klè, san ekivòk, ak volontè ant patisipan yo pou angaje nan aktivite seksyèl spesifik;
- Yon politik amnisti , nan tout eta, pou asire ke etidyan ki rapòte ensidan agresyon seksyèl oswa lòt vyolans seksyèl jwenn iminite pou sèten vyolasyon règleman sou kanpis, tankou itilizasyon dwòg ak alkòl;
- Yon deklarasyon Dwa Sivivan /Viktim Vyolans Seksyèl, kanpis yo pral gen obligasyon pou distribye bay tout etidyan yo nan fason pou enfòmè spesyalman viktim vyolans seksyèl yo sou dwa legal yo ak kijan yo ka jwenn resous ki apwopriye. Deklarasyon Dwa klèman deklare ke etidyan yo gen dwa pou yo konnen ke yo ka pote rapò bay lapolis andeyò kanpis la, sa ki gen ladan lapolis Eta;
- Egzijans fòmasyon konplè pou administratè yo, anplwaye, ak etidyan yo enkli nan nouvo oryantasyon etidyan.

Pou aprann plis, ale sou www.ny.gov/EnoughisEnough.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418